



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11 NOUVO KOMINOTE KI SÈTIFYE ENTÈLIJAN FAS AK KLIMA A

Aksyon lokal yo sipòte objektif Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (New York's Climate Leadership and Community Protection Act) ki se lidè nan nasyon an

Kiminote ki sètifye yo se modèl pou redwi emisyon gaz a efè sè yo ak pou bati rezilyans klimatik lokal

Yo te akòde resètifikasyon bay twa kominote entèlijan; Konte Erie pase nan nivo sètifikason ajan

Gouvènè Hochul te anonse jodi a dènye faz kominote yo ki atenn nivo sètifikasyon nan kad pwogram Kominote Entèlijan fas ak Klima Eta New York (Climate Smart Communities, CSC) la, ki sipòte efò lokal yo pou reponn ak defi ekonomik, sosyal ak anviwòmantal yo ke chanjman klimatik la lakòz yo. Dèske yo te pran mezi siyifikatif pou redwi ak adapte yo ak chanjman klimatik la, 11 gouvènman lokal te reponn ak kritè pou yo rekonèt yo kòm lidè pou premye fwa. Anplis de sa, taw kominote te de déjà nan pwogram lan resètifye epi yo ogmante kantite pwen sètifikasyon yo te genyen pandan faz revizyon ki pi resan an. Finalman, Konte Erie monte nan nivo ajan.

Mezi yo anonse jodi a pandan Semèn Klima 2021 an, sipòte objektif anbisye New York pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85 poustan rive lane 2050 jan sa endike nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act,) oswa CLCPA. Anons lan te fèt nan Vil Glens Falls, ki te atenn nivo bwonz nan Sètifikasyon Entèlijan fas ak Klima.

"Pwogram Kominote Entèlijan fas ak Klima a responsabilize gouvènman lokal yo pou yo pran mezi radikal pou reponn ak defi ke chanjman klima nou an lakòz, epi mwen aplodi kominote sa yo dèske yo egzekite mezi efikas pou ede reponn ak objektif anbisye Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè anblematik New York la epi dèske yo etabli yon egzanp pou lòt minisipalite yo swiv", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen swete patikilyèman felisite vil New Castle, premye grenn kominote New York ki te adopte pwomès Kominote Entèlijan fas ak Klima a, dèske li te atenn estati bwonz sètifye epi dèske li mete nou ak yon pa toupre yon avni ki pi pwòp, pi vèt".

Kominote Entèlajan fas ak Klima New York ki apèn sètifye (resètifye) yo ke yo site pa reyon:

Distri Kapital

Konte Albany (bwonz)
Vil Glens Falls (bwonz)
Vil Queensbury (bwonz)

Long Island

Vil East Hampton (resètifye bwonz)

Mid-Hudson

Vilaj Ardsley (bwonz)
Vil Gardiner (bwonz)
Vil Hastings-on-Hudson (resètifye ajan)
Vil New Castle (bwonz)
Vil Poughkeepsie (bwonz)
Vil Poughkeepsie (bwonz)
Vil Woodstock (resètifye bwonz)

Konte North

Vil Potsdam (bwonz)
Vil Potsdam (bwonz)

Western New York

Konte Erie (ajan)
Vil Grand Island (bwonz)

Komisè DEC la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos te deklare,

"Soti nan siklòn devastatè ki abat sou Kòt Lès la, pou rive nan dife forè destriktè yo ki te konsume kominote yo rive nan reyon Iwès yo, chanjman klimatik la egzije pou nou pran mezi. Nou bezwen apwòch nan tèt kole ki egzije kontribisyon ki soti nan tout nivo nan gouvènman an. Mwen aplodi Kominote Entèlajan fas ak Klima ki sètifye sa yo pou ede yo konbat kriz klima a lè nou aji nan nivo lokal ak lè nou ankouraje lidèchip klimatik nasyonal Eta New York la".

Pwogram entèajans Kominote Entèlajan fas ak Klima a, ki te etabli an 2009, bay direktiv ak sipò teknik gouvènman lokal yo pou yo pran mezi klimatik ki oryante lokalman. Premye etap pou yon kominote vini entèlajan fas ak klima a se anrejistre pou li angaje li pou redwi emisyon yo ak adapte li ak chanjman klimatik la. Jiska prezan, 345 gouvènman lokal, ki reprezante plis pase 9.4 milyon Nouyòkè, te adopte pwomès Kominote Entèlajan fas ak Klima a.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la te lanse pwogram sètifikasyon an 2014 pou dokimante ak selebre akonplisman kominote yo ki pran mezi pou klima a. Genyen kounye a 81 Kominote Entèlajan fas ak

Klima a nan Eta New York. Pou li sètifye, yon kominote dwe etabli yon gwoup travay aktif nan chanjman klimatik ki gen ladan rezidan ak reprezantan minisipalite yo. Pifò kominote ki sètifye yo reyalize envantè gaz a efè sè ki estime emisyon yo nan nivo lokal epi ede lidè lokal yo idantifye pi bon fason pou Eta New York reponn ak egzijans anbisye pou rediksyon gaz a efè sè yo nan lwa sou klima a. Vil Woodstock, pa egzanp, te redwi emisyon gaz a efè sè ki soti nan etablisman gouvènman li yo nan plis pase 40 pousan ant 2011 ak 2019. Pou plis enfòmasyon, konsilte [rapò sou sètifikasyon sou entènèt yo](#) ki dekri tout mezi ke chak kominote ki sètifye yo te pran pou atenn sètifikasyon an.

15 kominote ke Gouvènè Hochul re rekonèt jodi a patisipe tou nan pwogram [Kominote Enèji Pwòp \(Clean Energy Communities\)](#) Otorite Rechèch ak Developman nan Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, ki asiste gouvènman lokal yo pou yo egzekite mezi enèji pwòp ak fè ekonomi sou depans enèji yo. An reyalite, yo dezinye 12 nan 15 yo Kominote Enèji Pwòp apre yo fin sètifye yo Kominote Entèlijan fas ak Klima.

Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif NYSERDA ak Koprezidan Konsèy sou Klima a, Doreen M. Harris, te deklare, "Felisitasyon pu tout Kominote Entèlijan fas ak Klima a ke yo apèn sètifye yo ansanm ak kominote yo ki te kontinye angajman yo pou priyoreze preparasyon fas ak chanjman klimatik la pou asire rezilyans kominote yo a ak sekirite rezidan yo. Isit la nan New York, nou te wè devastasyon ak destrikson ki vini avèk yon klima ki ap chanje epi reyalizasyon ke nou ap rekonèt jodi a demonstre kolaborasyon ak lidèchip ki enpòtan nan nivo lokal yo pou fè avanse efò nan enèji renouvlab ak efikasite enèji yo ki ap delivre rezulta klimatik siyifikatif pou plizyè jenerasyon jodi a ak demen".

Majistra Vil Glens Falls Ia, Dan Hall, te deklare, "Pwogram Kominote Entèlijan fas ak Klima a se yon zouti administratif efikas ki pèmèt kominote yo adrese enpak yo a sou planèt la epi li ofri mezi pwoaktif ke yo kapab pran pou adrese chanjman klimatik nan nivo lokal yo. Vil Glens Falls santi li alafwa kontan ak onore dèské li resevwa rekonesans pou efò li yo ni pou redwi enpak kabòn ak pou adrese ak redwi enpak chanjman klimatik la nan itilize pwogram CSC a kòm yon plan pou aksyon".

Prezidant Konsèy Sipèviziè Konte Warren Ian, Rachel Seeber, te deklare, "Genyen kèk bagay ki pi enpòtan pou ekonomi lokal Konte Warren Ian pase pwoteje resous natirèl yo ki te atire vizitè yo ak rezidan yo isi a pandan plizyè syèk. Nou se lakay lak George (Lake George) ak anpil lòt trezò anvwònmantal anplis, epi se poutèt sa Konte Warren se yon patisipan aktif nan pwogram Kominote Entèlijan Klimatik la. Konte Warren akeyi Gouvènè Hochul nan kominote nou an pou pwomouwva inisyativ sa a epi nou pa ka tann pou nou travay avèk administrasyon li a sou sa ak sou lòt opòtinite pou ranfòse ekonomi lokal nou an".

Pwogram Kominote Enèji Pwòp NYSERDA a

Yo dezinye kominote ki reyalize omwen kat mezi ke NYSERDA idantifye kòm gwo

enpak yo [**Kominote Enèji Pwòp**](#) epi yo ellijib pou sibvansyon pou ede nan deplwaman estrateji kabòn ki ba. Opòtinite pou sibvansyon yo gen ladan adopte NYStretch Energy Code (Kòd Enèji NYStretch) la, nan antreprann youn oswa plis Kanpay Kominotè sou enèji pwòp, ak sibvansyon anplis kote yo ajoute [yon Kominote ki Defavorize Eta New York.](#)

Vil ki elijib, vil, ak gouvèman konte yo gendwa aplike pou sibvansyon sou yon baz kontini, jiska 31 desanm 2025 oswa jiskaske fon yo fini. Yo te bay fon yo atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) la ak inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative) la.

Kowòdonatè Kominote Enèji Pwòp yo disponib gratis pou yo ede kominote yo devlope ak prioyize objektif enèji pwòp yo, jwenn aksè a resous ki fasil pou itilize yo tankou dokiman gid ak etid ka yo epi pwofite de opòtinite finansman ak asistans teknik ki disponib yo. Pou plis enfòmasyon sou Kominote Enèji Pwòp yo, vizite <http://www.nyserda.ny.gov/cec>.

Pwogram Finansman Kominote Entèlijan fas ak Klima DEC a

Kat nan kominote yo te sètifye jodi a te resevwa finansman atravè pwogram Sibvansyon Kominote Entèlijan fas ak Klima DEC a. Etabli an 2016, pwogram sibvansyon ekivalan 50/50 sa a sipòte minisipalite yo nan reyalize mezi sètifikasyon yo ak nan egzekite pwojè yo ki redwi emisyon gaz a efè sè ak bati rezilyans fas ak move tan. Pa egzanp, Konte Erie te resevwa de (2) sibvansyon Entèlijan fas ak Klima ki totalize anviwon 680,000 dola.

Sèt nan kominote ki sètifye jodi a te resevwa prim nan pwogram Minisipal Veyikil Emisyon Zewo (Zero-Emission Vehicle, ZEV) DEC a nan ane pase yo. Pwogram ZEV la ofri sibvansyon pou enstale estasyon pou chaje veyikil elektrik pou itilizasyon publik ak rabè sou acha oswa lokason veyikil elektrik pou flòt minisipal yo. Pa egzanp, vilaj Hastings-on-Hudson te resevwa sibvansyon ki totalize 28,500 dola nan kad pwogram ZEV la.

Vizite sitwèb DEC a pou [plis enfòmasyon sou finansman sa yo.](#)

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekologik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 poustan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan

angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz a efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisyé kominate defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 trilyon BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)